



## Kisa mwen ka fè si ICE nan espas travay mwen?

ICE ka antre nan **espas piblik** nenpòt travay san yo pa bezwen okenn manda.



**Espas piblik yo** ka gen ladan lobbi biwo, makèt, magazen rad, oswa zòn manje nan yon restoran.



Nan yon ijans, tankou yon menas pou sekirite piblik oswa yon menas pou lavi yon moun, ICE ka antre san yo pa mande pèmisyon ou. Si sa rive, **ou gen dwa pou w rete an silans.**



## Kisa mwen ka fè si ICE nan espas travay mwen?



ICE **pa ka** legalman antre nan **espas prive** yon plas travay san yo pa gen pèmisyon patwon w lan oswa yon manda jidisyè.



**Espas prive** yo se zòn sèlman pou anplwaye, ki ka gen ladann sal repo oswa sal depo nan yon travay.

Kòm nan tout espas piblik, si ajan ICE apwoche w nan travay, **ou gen dwa pou w rete an silans** epi ou ka dirije yo bay patwon w la.



**Anplwayè yo** ka mande ICE pou montre idantifikasyon yo epi mande si yo gen yon manda jidisyè



Kòm toujou, si ajan ICE eseye fouye pòch ou oswa afè w, ou ka di: **"I do not consent to a search."** (**Mwen pa dakò pou yon fouy**).



Si yo fouye w de tout fason, ou pa ka fizikman anpeche yo, men di klèman ke w pa dakò ka enpòtan nan nenpòt ka legal nan lavni.



**Ou ta dwe evite angaje nan yon batay fizik ak ajan lapolis.**